



Office of Children and Family Services

Gid Rezime pou Moun ki Gen Responsabilite pou Siyale Abi nan Eta New York

Materyèl sa bay moun ki gen responsabilite pou siyale abi yo yon apèsi sou obligasyon yo ak kèk enfòmasyon debaz konsènan sistèm Sèvis Pwoteksyon Timoun Eta New York (New York State Child Protective Services, CPS).

Kiyès Moun ki Gen Responsabilite pou Siyale Abi?

Eta New York rekonèt sèten pwofesyonèl yo ki ekipe espesyalman pou jwe gwo wòl antanke moun ki gen responsabilite pou siyale abi oswa move tretman timoun, Pwofesyonèl sa yo gen ladan:

- * Doktè
- * Asistan doktè ki otorize
- * Chirijyen
- * Medsen lejis
- * Dantis
- * Ijyenis pou dan
- * Ostewopat
- * Dòktè Je
- * Chiwopraktè
- * Podyat
- * Rezidan
- * Estajyè
- * Sikològ
- * Enfimyè ak lisans
- * Travayè sosyal
- * Teknisyen ijans medikal
- * Terapis kreyasyon atistik ki gen lisans
- * Terapis maryaj ak fanmi ki gen lisans
- * Konseye sante mantal ki gen lisans
- * Sikanalis ki gen lisans
- * Analis konpòtman ki gen lisans
- * Asistan analis konpòtman ki gen lisans
- * Pèsonèl lopital la angaje li nan admisyon, egzamen, swen oswa tretman moun yo
- * Pratikan Christian Science
- * Fonksyonè lekòl, ki gen ladan li (men pa limite ak):
 - pwofesè
 - konseye pedagojik
 - sikològ
 - travayè sosyal
 - enfimyè
 - administratè oswa lòt pèsonèl lekòl la ki gen bezwen gen yon lisans oswa lisans sou administrasyon oswa sètifikasi
- * Travayè Sèvis Sosyal
- * Direktè yon
 - kan kote timoun dòmi
 - kan dete pandan lajounen osinon
 - kan dete pandan lajounen kote y ap vwayaje
- * Travayè sant Gadri
- * Travayè gad timoun ki gen laj pou lekòl
- * Fournisè sèvis gad swen nan fanmi oswa an gwoup
- * Anplwaye osinon volontè nan yon sant swen rezidansyèl pou timoun yo
- * Nenpòt ki lòt moun swen gad timoun oswa swen adoptif
- * Pwoblèm sante mantal
- * Konseye abi sibstans
- * Konseye pou moun ki alkolik
- * Tout moun ki gen kredi nan Biwo NYS sou Alkolism ak Sèvis Abi Sibstans

Tout lis aktyèl sa ou ka jwenn li nan Atik 6, Tit 6, ak Seksyon 413 nan Lwa Sèvis Sosyal New York. Ou ka jwenn aksè nan sit la sou sit Entènèt Lejislasi Eta New York (<http://public.leginfo.state.ny.us/menuf.cgi>). KLIKE sou Lwa Eta New York pou jwenn aksè nan Sèvis Lwa Sosyal yo.

Kilè mwen gen responsabilite pou mwen bay rapò?

Moun ki gen responsabilite pou siyale abi yo oblige denonse tout ka abi oswa move tretman sou timoun lè yo konfwonte ak yon motif valab pou sispekte yon timoun viktим abi oswa move tretman nan yon sitiyasyon kote yon timoun, yon paran oswa lòt moun responsab pou timoun lan prezante devan moun ki gen responsabilite pou siyale abi a lè I ap aji nan kapasite ofisyèl oswa pwofesyonèl li. "Lòt moun ki gen responsabilite legal" se yon gadyen, moun k ap okipe yon timoun, oswa lòt moun ki gen 18 lane oswa plis ki responsab pou pran swen timoun lan.

Rapòtè mandte yo ki travayè sosyal gen plis obligasyon pou denonse abi sou timoun. Travayè Sèvis sosyal yo oblige fe rapò sou abi lè, nan kapasite ofisyèl oswa pwofesyonèl, lè yo konfwonte ak motif valab pou sispekte abi oswa move tetman sou timoun, kote nenpòt moun devan rapòtè mandate a epi rapòtè mandate a ap aji nan kapasite ofisyèl oswa pwofesyonèl.

Kisa nan kapasite pwofesyonèl vle di?

Pa egzanp, yon doktè k ap egzaminen yon timoun nan klinik li ki gen yon motif rezonab pou sispèk yon timoun viktим abi dwe denonse preyokipasyon li. Okontrè, doktè ki andeyò lè travay li te temwen yon timoun ki viktим abi lè li t ap monte bekann li pa oblige dennse abi sa a. Responsabilite legal moun ki gen responsabilite pou siyale abi a pou li denonse tout ka abi ak maltretans sou timoun li sispekte fini lè rapòtè mandate a sispan pratike pwofesyon li. Byenantandi, nenpòt moun gen dwa pote plent pou nenpòt ka abi oswa maltretans li sispèk nenpòt lè epi nou ankouraje l fè sa.

Kòz Rezonab pou Sispèk

Motif rezonab pou sispèk ka abi oswa maltretans sou timoun vle di, sou labaz obsèvasyon rasyonèl, fòmasyon pwofesyonèl ak eksperyans ou, ou sispèk paran oswa lòt moun ki responsab legalman yon timoun ap fè timoun lan ditò oswa plase pitit sa a nan yon sitiyasyon ki danjere touswit. Dout ou genyen an se ka sèlman lefèt ke ou pa fin fè konfyans esplikasyon yo ba w poukisa timoun lan te blese.



Office of Children and Family Services

Gid Rezime pou Moun ki Gen Responsabilite pou Siyale Abi nan Eta New York

Kisa Abi ak Move Tretman?

Abi

Abi gen ladann blesi ki pi grav yo epi/oswa risk blesi ki pi grav yo nan men moun k ap swen timoun yo. Yon timoun ki viktim abi se yon timoun ki gen paran li oswa yon lòt moun responsab legalman pou okipe li blese gravman fizikman yon timoun, kreye yon gwo risk pou timoun lan gen yon blesi fizik grav, oubyen fè yon zak sekyèl kont timoun lan. Nan abi an gen tou sitiayson kote yon paran oubyen yon lòt moun ki legalman responsab otorize eksprè yon lòt moun pou li fè timoun lan ditò.

Maltretans (gen ladan li Neglijans)

Maltretans vle di kondisyon fizik yon timoun, mantal oswa emosyonèl te deteryore, oswa li te mete li nan yon danje iminan, paran timoun lan oswa lòt moun ki responsab timoun nan legalman echwe nan egzèsis pou yon minimòm degre swen nan:

- * pa bay yon kantite manje, rad, abri, edikasyon ki sifizan; **oswa**
- * pa bay bon sipèvizon, yon siveyans antanke gadyen, osinon swen medikal (Fè referans ak tout pwoblèm medikal yo, ki gen ladan li swen dantè, je, oswa swen chirijikal); osinon
- * bay twòp pinisyon kòporèl, abandone timoun nan, oswa abize alkòl oswa lòt dwòg kote timoun nan te nan yon gwo danje.

Pòvrete oswa lòt enkapasite finansye pou bay sa k di piwo a se pa move tretman.

Remak: Definisyon abi ak move tretman yo diferan pou timoun nan sant rezidansyèl ki fonksyone oswa ki gen lisans pa leta.

Kijan pou mwen rekonèt abi ak Move Tretman sou Timoun?

Lis ki anba a gen kèk endikatè jeneral sou abi oswa move tretman. Lis sa a pa gen tout bagay, ak kèk timoun abize oswa maltrete ki gen dwa pa montre okenn sentòm sa yo.

Endikatè Abi Fizik ka gen ladan li:

- * Blesi nan je yo oswa toude bò tèt la oswa kò (blesi aksidan ki afekte tipikman sèlman yon sèl bò nan kò a);
- * Blesi souvan nenpòt kalite (frape, koupe, ak/oswa boule), sitou si timoun nan pa kapab bay yon eksplikasyon awopriye sou kòz la. Sa yo ka parèt nan modèl diferan tankou mak dwèt moun sou timoun lan, mak dan moun, boule sigarèt, oswa enpresyon nan lòt enstriman;
- * Konpòtman destrikтив, agresif oswa k ap deranje;
- * Konpòtman pasif, entwovèti, oswa emosyon;
- * Laperèz pou ale lakay oswa pè paran (yo).

Endikatè Abi Seksyèl ka gen ladan li:

- * Sentom Maladi moun pran nan fè sèks;
- * Blesi nan patijenital;
- * Difikilte ak/osinon doulè pou chita oswa pou mache; Konpòtman oswa ekspresyon aloral ki seksyèlman sijestif, inapwopriye, pwomiskite;
- * Eksprime konesans laj ki pa awopriye sou relasyon seksyèl;
- * Viktim seksyèl lòt timoun.

Endikatè Maltretans ka gen ladan li:

- * Malnitrisyon evidan, manke fòs, oswa fatig;
- * Vòlè oswa ap mande charite pou manje;
- * Manke swen pèsonèl-move ijjèn pèsonèl, rad chire ak/oswa sal;
- * Bezwèn ki pa pran an konsiderasyon pou gen linèt, swen dantè, oswa lòt atansyon medikal;
- * Pa vini souvan lekòl oswa an reta;
- * Timoun ki rete poukout li oswa san sipèvizon.



Office of Children and Family Services

Gid Rezime pou Moun ki Gen Responsabilite pou Siyale Abi nan Eta New York

Ki kote mwen kapab rele pou mwen siyale sa?

Menn kote ou sispièk abi oswa move tretman, ou dwe siyale enkyetid ou yo pa telefòn nan Rejis Santral Eta New York pou abi ak Maltretans Timoun (New York Statewide Central Register of Child Abuse and Maltreatment (SCR)). SCR la louvri 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou resevwa ap0lè ou. Tank ou rele pi rapid se konsa li enpòtan anpil pou entèvansyon an fèt rapid pa Sèvis depatman lokal inite sèvis sosyal nan Sèvis Pwoteksyon Timoun (Child Protective Services, CPS) Ou pa oblige mete paran oswa lòt moun ki legalman responsab la okouran swa anvan oswa apre apèl ou nan SCR la. An reyalite, nan kèk ka, avèti paran an ka anpeche ankèt CPS lokal la epi li afekte kapasite li pou evalye sekirite timoun yo.

Nimewo telefòn yo pou siyale abi oswa maltretans pa yon paran, swen adoptif oswa òfelina se:

**Moun ki gen responsabilite pou siyale
abi sou timoun 1-800-635-1522**

Liy Dirèk Piblik 1-800-342-3720

**Pou abi pa Estafyon Enstitisyon:
1-855-373-2122**

Rapò nan bouch nan SCR pa yon moun ki gen responsabilite pou siyale abi sou timoun dwe vin jwenn nou nan 48 èdtan pa yon rapò alekri inite depatman lokal sèvis sosyal CPS nan fòm LDSS-2221A. Ou ka jwenn yon kopi fòm sa a ak adres postal lokal ou an lè ou kontakte depatman sèvis sosyal lokal ou a, oswa vizite sit entènèt Biwo Leta New York pou Timoun ak Fanmi (OCFS) nan ocfs.ny.gov. Klike sou "Fòmilè", aprè sa a, klike sou "Eseye rechèch yon mo kle ...", antre nan fòmilè an nan bwat la epi klike sou "Jwenn". Pou rele depatman sèvis sosyal lokal ou a, klike la:

<http://ocfs.ny.gov/main/localdss.asp>

Kisa k ap pase lè mwen rele SCR?

Sa ka rive ou pa gen anpil enfòmasyon ki baze sou abi ou sispièk la oswa maltretans, men sa pa ta dwe anpeche w rele SCR la. Yon espesyalis ki fòme nan SCR la pral ede ou konnen si enfòmasyon ou bay yo ka anrejistre nan yon rapò.

Ou ka itilize fòmilè LDSS-2221A moun ki gen responsabilite pou siyale yo pou ede ou òganize pandan w ap idantifye oswa enfòmasyon demografik ou genyen nan men ou. Asire ou mande espesyalis SCR la pou "Idantifye nimewo ki rele a" pou mete li nan rapò ou te fè a.

Si anplwaye SCR la pa anrejistre rapò abi sou timoun lan oswa rapò sou maltretans lan, yo ta dwe byen eksplike ou rezon ki fè sa a. Ou ka mande tou pou pale ak yon sipèviziè, ki ka ede ou pran desizyon nan ka difisil oswa ki ra.

Wòl CPS Lokal ak Responsabilite yo

Lè yon rapò anrejistre nan SCR a, depatman sèvis sosyal lokal la konnen menm kote a pou fè yon envestigasyon ak swivi. Yon travayè lokal CPS pral kòmanse yon ankèt nan lespas tan 24 è.

Entèvansyon CPS gen rapò nan yon evalyasyon timoun lan ak lòt timoun nan kay la ak devlopman yon plan pou satisfè bezwen timoun yo ak fanmi an. Si gen yon menas tou swit sou lavi timoun nan oswa sante li, CPS ka retire timoun lan nan kay la.

Lè yo mande, CPS ka jwenn nan men moun ki gen responsabilite pou siyale abi sou timoun yo dosye sa yo ki esansyèl pou yon envestigasyon konplè sou abi ak move tretman pou nenpòt rapò ki fèt pa moun ki responsab pou siyale a. Moun ki responsab pou siyale a dwe deside ki dosye ki esansyèl pou ankèt la konplè epi ki bay dosye sa yo a CPS lè yo mande pou fè sa.

Aprè 60 jou ankèt la kòmanse, CPS ap deside si rapò a fonde oswa pa fonde. Moun ki responsab pou siyale abi yo ka mande pou yo enfòme sou rezulta rapò a.

Rekòmandasyon pou Ranfòsman Lalwa

Si yon apèl nan SCR bay enfòmasyon sou yon menas imeda sou yon timoun oswa yon krim ki fèt kont yon timoun, men moun koupab la se pa yon paran oswa yon lòt moun ki responsab legalman timoun lan, anplwaye SCR a pral fè yon Rekòmandasyon pou Ranfòsman Lwa (Law Enforcement Referral (LER)). Enfòmasyon enpòtan an pral anrejistre epi transmèt nan Rezo Enfòmasyon Lapolis Eta New York oswa nan Inite Lyezon Víktim Espesyal Vil New York. Sa a se pa yon rapò CPS, epi CPS lokal p ap gen pou li patisipe.



Office of Children and Family Services

Gid Rezime pou Moun ki Gen Responsabilite pou Siyale Abi nan Eta New York

Ki pwoteksyon oswa responsabilite mwen genyen?

Sous Konfidansyalite

Lwa Sèvis Sosyal la bay konfidansyalite pou moun ki gen responsabilite pou siyale yo ak tout sous abi ak rapò sou maltrete timou yo. OCFS ak CPS lokal yo pa pèmèt yo lage sijè nenpòt rapò done ki ta idantifye sous la nan yon rapò sòf si yo ta bay sous la pèmisyon alekri pou yo fè sa. Ou ka pataje enfòmasyon konsènan sous rapò a avèk ofisyèl tribal yo, lapolis, ak distri avoka, men sèlman nan kèk sikontans.

Iminite nan Responsabilite

Si yon moun ki responsab pou siyale abi fè yon rapò enkyetid serye pou byennèt yon timoun, li gen iminit nan nenpòt responsabilite kriminèl oswa civil ki ka rive. Se sa yo rele yon rapò "Bon volonté".

Pwoteksyon kont Aksyon Pèsonèl Vanjans

Seksyon 413 Lwa sou Sèvis Sosyal di byen klè pa gen okenn enstitisyon medikal oswa lòt enstitisyon publik, prive, lekòl, sant oswa ajans ki pral pran okenn aksyon pèsonèl reprezay kont yon anplwaye ki te fè yon rapò bay SCR. Anplis de sa, pa gen okenn lekòl, lekòl ofisyèl, founisè swen timoun lan, founisè swen adoptif, oswa founisè swen sante mantal dwe enpoze nenpòt kondisyon, tankou apwobasyon davans oswa notifikasyon davans, sou yon manm nan estaf anplwaye yo ki responsab pou siyale abi sisipèk sou timoun oswa move tretman.

Sanksyon paske ou echwe nan bay rapò

Nenpòt ki moun ki responsab pou bay siyale abi sou timoun ki sisipèk oswa move tretman-epi yo echwe pou yo fè sa-yo kapab gen manda klas A avèk yon deli ak sijè sanksyon kriminèl. Pa kont, moun ki responsab pou siyale abi yo ka entèpele nan yon tribal civil pou nenpòt domaj ki koze pa echèk moun ki responsab la pou fè yon rapò bay SCR a.

Ki moun ki bay moun ki responsab pou siyale abi yo Fòmasyon?

Biwo pwofesyon Depatman Edikasyon Lea New York (New York State Education Department (SED)) yo sipèvize egzijans fòmasyon pou moun ki responsab pou siyale abi yo. Gen kèk kategori-ki gen ladan yo pwofesè, anpil pwofesyonèl medikal, ak travayè sosyal-ki bezwen fòmasyon sa a kòm yon pati nan prereki lisans yo. Fòmasyon an ka gen ladan li pwogram edikasyon fòmèl yo.

Biwo pou Timoun ak Sèvis Fanmi Eta New York (The New York State Office of Children and Family Services (OCFS)) fyè dèske li se yon founisè ki otorize pa SED pou ofri fòmasyon moun ki responsab pou siyale abi, epi li te devlope yon kourikoulòm complète ak kontni ki apwopriye pou pwofesyonèl medikal, edikatè, anplwaye lapolis, founisè swen gadri lajounen yo, ak estaf sèvis imen yo.

OCFS te pataje kourikoulòm ki byen resevwa sa a avèk lòt founisè otorize nan fòmasyon moun ki responsab pou siyale abi yo, ansanm avèk kolèj ak inivèsite yo atravè eta a ki bay pwogram edikatif nan domèn ki kouvri pa lwa moun ki responsab pou siyale abi yo.

OCFS bay fòmasyon pou rapòtè mandate yo grasa yon kontra ak Fakilte Etid Pwofesyonèl nan CUNY la.

OCFS ofri yon fòmasyon sou entènèt ki endependan pou moun ki responsab pou siyale abi yo. Fòmasyon 2 èdtan sa a ki baze sou entènèt disponib 24/7 ak aksesib nan:

www.nysmandatedreporter.org.

Pa gen pri pou patisipan an.

Nòt Espesyal: Moun ki responsab pou siyale abi yo ki kalifye pou yon lisans oswa sètifikasiyon nan Depatman Edikasyon Eta New York (NYSED) oblige pran fòmasyon moun ki responsab pou siyale abi nan men yon antrenè ki te apwouve pa Depatman Edikasyon Eta New York. POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, ale sou silvouplè sou <http://www.op.nysed.gov> ou rantre an kontak avèk Depatmant Edikasyon Eta New York (New York State Education Department) nan:

OPPLEUCA@mail.NYSSED.gov.

KONKLIZYON

Pwoteje timoun yo ak anpeche abi sou timoun ak move tretman pa kòmanse oswa fini ak rapò. Efò pou anpeche abi ak move tretman ka sèlman efikas lè moun ki responsab pou siyale abi yo ak lòt sitwayen ki konsène yo ansanm pou amelyore sekirite nan kominate yo.

Pou ka pi efikas, CPS lokal ou a bezwen patenarya solid nan kominate w la. Lè ou vin konnen estaf ki nan inite CPS lokal ou an, ou pral gen yon pi bon konpreyansyon sou jan pwogram lokal ou an estriktire, epi CPS pral pi byen konprann kijan pou travay ak plis efikasite avèk ou.

Lè nou travay ansanm, nou ka pi byen pwoteje timoun vilnerab nou yo.

Biwo Leta New York ak Sèvis Fanmi yo

Capital View Office Park, 52 Washington Street
Rensselaer, New York 12144

Pou rapòte abi sou timoun ak maltretans, rele: 1-800-342-3720

Pou plis enfòmasyon sou Lwa sou Pwoteksyon Ti bebe ki Abandone, rele: 1-866-505-SAFE (7233)

Liy Dirèk moun k ap siyale abi ak Môve Tretman sou Timoun:
1-800-635-1522

Sant Jistis pou Abi Enstitisyonèl:
1-855-373-2122

Pou jwenn kopi adisyonèl nan ti liv
sa a vizite sit entènèt nou an nan:
ocfs.ny.gov epi klike sou
"Piblikasyon".

facebook <https://facebook.com/nysocfs>

twitter <https://mobile.twitter.com/nysocfs>

twitter https://mobile.twitter.com/nysocfs_espanol